

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK (LKPD)

Satuan Pendidikan	: SMK Panca Bhakti Rakit
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Kelas / Semester	: X / Ganjil
Materi/Pokok Bahasan	: Teks Pawarta

A. Identitas

Kelompok :

Kelas :

Anggota Kelompok : 1.

2.

3.

4.

5.

6.

B. Petunjuk Belajar

- Donga sadurunge sinau
- Wacanen materi kanti premati
- Wangsulana pitakon miturut pitudhuh
- Menawa ana kang ora dimangerteni bisa konsultasi marang guru

C. Kompetensi Dasar

3.3 Menelaah tek pawarta.

3.4 Menanggapi, menulis, dan menyajikan teks pawarta dengan bahasa sendiri


D. Indikator Pencapaian Kompetensi

- 1.3.1 Siswa dapat menganalisis struktur teks berita berbahasa Jawa
- 3.4.1 Siswa dapat menulis teks berita berbahasa Jawa.

E. Tujuan Pembelajaran

- Setelah melakukan diskusi, peserta didik dapat Menganalisis pawarta lisan maupun tulisan dengan tepat
- Setelah ditayangkan powerpoint langkah penulisan pawarta melalui sharing screen pada *Google Meet*, peserta didik dapat Menulis teks pawarta dengan jujur

F. Peta Konsep



G. Uraian Materi

1. Tegese Pawarta

Pawarta inggih menika kabar ngengingi kadadosan ingkang sampun kelampahan, saged awujud cetak, elektronik, utawi lisan (Damarjati, 2015: 35).

Pawarta duwe titenan (ciri-ciri) yaiku :

- a. Tinemu ing akal (penalaran logis);
- b. Informasi pepak kang jumbuh karo 5W+ 1H;
- c. Struktur basa kang trep;
- d. Diksi trep ora ambigu;
- e. Marik kawigaten;
- f. Basa kang nengsemake.

2. Unsur Pawarta

Unsur utama pawarta yaiku apa (what), kapan (when), ana ngendi (where), kena apa (why) lan kepriye (how) utawa dikenal kanthi tetembungan 5W+1H. What isine bab pokok pawarta. Who isine bab subyek pawarta. Where isine yaiku ana ngendi kadadeyan iku dumadi. When yaiku kapan kadadeyan sajrone pawarta. Why yaiku apa kang dadi latar belakang kadadeyan kasebut. How yaiku kepriye proses kadadeyan iku.

3. Sifat Pawarta

Sifat-sifat kang ana pawarta supaya dadi pawarta sing apik yaiku :

1. Aktual
2. Adoh/Cedhak.
3. Wigati (Penting)
4. Akibat
5. Congkrah/Konflik
6. Tintrim
7. Kemajuan Teknologi
8. Emosi
9. Humor

4. Cara Nulis Pawarta

1. Ngumpulake data prastawa kanthi pathokan 5W + 1H
2. Nulis dumadine prastawa kanthi pathokan 5W + 1H
3. Nambahi data kayata poto, grafik, lan liya-liyane.
4. Mriksa lan ndandani panulisan ing pawarta.

5. Etika Nulis Pawarta

1. Objektif
2. Cover Both Side

6. Maos Teks Pawarta

1. Wicara
2. Wiraga
3. Wirasa
4. Wirama

Gladhen

Dihampad Angin Lisus, Puluhan Umah nang Brebes Ruwag



BREBES — Puluhan umah Kabupaten [Brebes](#) ruwag dihampad angin lisus dina Jemuah (24/9/2021) soré. Puluhan umah nang Désa Kalinusu Kecamatan Bumiayu kuwe ana sing ruwag parah merga kerubuhan wit.

Koordinator Satgas PB BPBD Brebes, Budi Sujatmiko ngomong, angin lisus molai nerjang wit-witan sekitar jam telu soré. Wayah kedadénan, nang wilayah Brebes kidul udané madan gedhé.

"Seka jam telu ngantikan jam enem soré mudun udan karo angin. Akibaté wit pada rubuh maring umahé warga," jaréné.

Pihaké nyatet sa umah ruwag parah, lima ruwag sedeng lan selawé ruwag sacuil. Ruwag sing paling parah gara-gara wit gedhé ngrubuhi nggon mburi umah.

"Umah sing ruwag parah nggon mburi umahé lan sumur kerubuhan wit. Tapi mau dhéwék wis ngévakuasi lan mbersihna," jaréné.

Nggo umah sing ruwag sacuil rata-rata kerubuhan pang wit. Untung kabéh wong sing manggon nang umah pada slamet, dadiné laka korban jiwa.

"Dhéwék ngandani ébén warga pada waspada soalé wis ngleboni mangsa rendheng kaya kiyé," jaréné.

Sumber : <https://kumparan.com/panturapost/dihampad-angin-lisus-puluhan-umah-nang-brebes-ruwag-1wbCtVHsXNO/full>

Wangsulana pitakenan ing ngisor iki kanthi premati adhedasar waosan pawarta ing ndhuwur!

1. Sebutaken unsur-unsur pawarta saking waosan ing ndhuwur !

No		Andharan
1	Kedadeyan apa sing di wartakake utawa dikabarake	
2	Ana ing papan ngendi kedadeyan iku dumadi? Andharna lan sebutna ukara kang dadi titikane!	
3	Kapan kedadeyan ing teks pawarta iku dumadi?	
4	Sapa kang nandang kedadeyan ing teks pawarta iku ?	
5	Kenging menapa kedadeyan ing teks pawarta bisa dumadi?	
6	Kepriye kedadeyan ana ing pawarta ndhuwur iku	

2. Tugas

Pitudhuh Pasinaon

- 1) Wacanen materi malih kanthi premati!
- 2) Gawea teks berita kanthi tema “*Papan wisata nang Banjarnegara*” kanthi nggatekake unsur 5W+1H

Papan kanggo nulis pawarta!